

## Pwoteje Manje ak Dlo Apre yon Dezas oswa Sitiyasyon Ijans



Si w nan yon sitiayson dezas oswa ijans, li enpòtan pou pran mezi pou evite maladi akòz manje ak dlo ki pa bon.

### Apre yon Dezas:

**Manje:** Jete manje ki te ankontak ak dlo inondasyon oswa lapli siklòn; manje ki ka gate e ki pa te nan frijidè kòmsadwa akòz yo koupe kouran; ak sa ki gen odè, koulè ak aparans dwòl. Manje ki pa bon ka rann ou malad menm lè li parèt, santi oswa gen gou nòmal. Lè ou pa si, jete l.

**Dlo:** Pa sèvi ak dlo ou sispièk oswa yo di w ki kontamine pou lave vesò, bwose dan w, lave ak prepare manje, lave men w, fè glas, oswa prepare lèt bebe. Dlo ki san danje pou bwè, pou fè manje ak iijyèn pèsonèl se dlo nan boutèy, bouyi oswa trete. Depatman sante nan eta w la, zòn ou, oswa tribi ou, ka fè rekòmandasyon spesifik pou bouyi oswa trete dlo nan zòn ou.

### Manje

#### Identifie epi jete manje ki gen dwa danjere pou manje

Fè sa ki annapre yo avèk manje ak vesò ki ka byen te an kontak ak dlo inondasyon oswa lapli siklòn.

### **Jete manje annapre yo:**

- Manje ki gen odè, koulè oswa aparans dwòl. Lè ou pa si, jete l.
- Manje ki ka gate (tankou vyann, volay, pwason, ze ak rès manje) nan frijidè ou, lè pa gen kouran pandan 4 èdtan oswa plis.
- Manje ki pa nan bwat oswa kenn.
- Manje nan kenn oswa vesò manje ki gonfle, louvri oswa kraze. Jete manje a si vesò a ap bay sòs oswa fommous lè ou ouvri li oswa manje ki andedan li a chanje koulè, li gen mwezi oswa gen move sant.
- Manje nan bwat: Jete kenn manje ki gen tèt vise, kouvèti ak resò, kouvèti ak pens, kouvèti pou vire, bouchon ouvri fèmen, ak ouvri yon sèl kou, ansanm ak manje ki nan bokal ki fèt lakay paske yo pa kapab dezenfekte. Jete manje nan bwat katon, tankou bwat ji/lèt/manje ti bebe.



Jan pou reyitilize manje yo prepare ak sachè esterilize (tankou bwat ji ak fwidemè ki fleksib ak stab sou etajè):

- Retire etikèt si yo ka soti.
- Bwose oswa siye salte oswa limon.
- Lave kenn ak sachè avèk savon ak dlo; pou fè sa itilize dlo cho si genyen.
- Rense kenn ak sachè avèk dlo ki pa gen danje pou bwè, si genyen.
- Dezenfekte kenn ak sachè nan youn nan de fason sa yo. 1.) Mete yo tranpe nan yon (1) kèp (8 ons/250ml) kloròks san odè pou kay nan 5 galon dlo pandan 15 minit. OSWA 2.) Plonje l nan yon kaswòl dlo, mete l bouyi epi kite l bouyi pandan 2 minit.
- Remake kenn oswa sachè yo avèk yon makè. Ajoute dat espirasyon an.
- Itilize manje nan kenn oswa sachè ki rekondisyone san pèdi tan.

Manje ki defriz e ki gen ladann timòso glas kapab retounen nan frizè oswa kwit. Frizè, si l rete fèmen e foul pandan yon pann elektrisite, ap kenbe manje a pandan 48 èdtan (24 èdtan si li a mwatye plen).

### **Konsève manje san danje**

- Pandan pa gen kouran, kenbe pòt frijidè ak frizè fèmen leplis posib.

## Bay tibebe ak timoun piti manje lè dlo nan wobinèt pa bon

- Timoun ki nan tete dwe kontinye pran tete. Pou timoun k ap bwè lèt nan bwat, itilize lèt tou prepare si posib. Si lèt tou pare a pa posib, li pi bon pou itilize dlo nan boutèy pou prepare lèt anpoud oswa konsantre lè dlo tiyo nan kay la pa bon. Si pa gen dlo nan boutèy, tyeke ak otorite lokal yo pou konnen sitiyasyon dlo pou bwè a pou wè si ou ka bouyi l pou fè l vin san danje pou bwè. Itilize dlo trete (gade jan pou trete dlo anba la) pou prepare lèt sèlman si ou pa gen dlo nan boutèy oswa bouyi.
- Si dlo a kontamine ak yon pwodui chimik, bouyi l p ap retire pwodui chimik lan oswa rann li san danje pou bwè.
- Si ou prepare lèt timoun ak dlo bouyi, ba l tan pou l refwadi anvan ou bay yon timoun li. Mete de gout lèt sou do men w pou wè si l pa twò cho.
- Netwaye bibwon avèk dlo nan boutèy, bouyi oswa trete anvan chak itilizasyon. Jete tetin bibwon oswa sison ki te an kontak ak dlo inondasyon; yo pa ka dezenfekte.
- Lave men w anvan w prepare lèt e anvan ou bay yon timoun manje. Ou ka itilize dezenfektan pou men ki gen alkòl si pa gen ase dlo oswa dlo pa bon.

## Netwaye api dezenfekte sifas ki gen kontak ak manje e ki te inonde

Jete bwa pou koupe manje, tetin bibwon, ak sison si yo te an kontak ak dlo inondasyon paske yo pa kapab dezenfekte kòmsadwa. Netwaye api dezenfekte sifas ki gen kontak ak manje nan yon pwosesis 4 etap:

- Lave avèk savon ak dlo cho e pwòp.
- Rense avèk dlo pwòp.
- Plonje pandan 1 minit nan 1 kèp (8 ons/250ml) kloròks klorin (5.25%, san odè) nan 5 galon dlo pwòp.
- Kite lè seche l.

Remak: Pa itilize chemine pou kwit manje jiskaske yo enspekte chemine a pou wè si l pa fann oswa andomaje. Etensèl ka rantre nan grennye a atravè fant yo pa t wè epi kòmanse yon dife.

## Resous ki Gen pou Wè ak Sa

- Ask Karen: Chat Online With a USDA Food Safety Expert (Poze Karen kesyon: Tchat sou entènèt ak yon Ekspè nan Sekirite Manje USDA)  
(<https://http://www.foodsafety.gov/experts/askkaren/ask-karen-chat.html>)

Bazdone kesyon sou sekirite manje yo poze souvan sou entènèt; tchat andirèk toulejou

10 a.m.-6 p.m. Lè Es

- USDA Meat and Poultry Hotline (Liy telefòn pou asistans (hotline) Vyann ak Volay USDA):  
1-888-MPHotline (1-888-674-6854)  
Ekspè ap reponn kesyon sou sekirite manje, toulejou 10 a.m.-6 p.m. Lè Es
- Keeping Food Safe During an Emergency (Pwoteje Manje pandan yon Sitiyasyon Ijans)  
([http://www.fsis.usda.gov/wps/portal/fsis/topics/food-safety-education/get-answers/food-safety-fact-sheets/emergency-preparedness/keeping-food-safe-during-an-emergency/CT\\_Index](http://www.fsis.usda.gov/wps/portal/fsis/topics/food-safety-education/get-answers/food-safety-fact-sheets/emergency-preparedness/keeping-food-safe-during-an-emergency/CT_Index)) [USDA]  
Enfòmasyon jeneral sou sekirite manje ak dlo, tankou gid sou kilè pou jete manje ki ka gate
- Food Safety, CDC (Sekirite Manje, CDC)  
Enfòmasyon sou sekirite manje ak prevansyon entoksikasyon manje
- Personal Hygiene and Handwashing After a Disaster or Emergency Ijyèn Pèsonèl ak Lavaj Men Apre yon Dezas oswa Sitiyasyon Ijans)  
Konsèy pou ede w pwotejè tèt ou kont maladi
- Food and Water Safety and Hand Hygiene Resources(Resous pou Sekirite Manje & Dlo ak Ijyèn pou Men)  
Postè, stikè, flayè ak PSA ki gen ladan yo konsèy ak enfòmasyon e ki fasil pou itilize

## Dlo

### Dlo pou bwè san danje

- Apre yon sitiayson ijans, sitou apre inondasyon, gen dwa pa gen dlo pou bwè oswa dlo ki bon pou bwè.
- Pa sèvi ak dlo ou sispèk oswa yo di w ki kontamine pou lave vesò, bwose dan w, lave ak prepare manje, fè glas, oswa prepare lèt bebe.
- Alkòl dezidrate kò moun, sa ki ogmante nesesite pou dlo pou bwè.
- Inondasyon ak lòt dezas ka andomaje pi dlo pou bwè epi lakòz kontaminasyon akedik ak pi. Dlo inondasyon kapab kontamine dlo pi avèk dechè bète, dlo sal moun, pwodui chimik ak lòt kontaminan ki ka bay maladi lè yo sèvi ak yo pou bwè, benyen ak lòt aktivite ijyèn.
- Si dlo a soti nan yon pi prive ki inonde, konsidere konsèy annapre yo pou pirifye dlo ak sous dlo nan sitiayson ijans jiskaske ou sèten dlo pa w la pa gen kontaminan epi pa gen danje lè ou bwè l.



## Pwoteje dlo

Ou ka rann dlo san danje pou moun bwè lè ou bouyi l, ajoute dezenfektan oswa filtre li.

ENPÒTAN: Dlo kontamine avèk fyoul/gaz oswa pwodui chimik toksik p ap vin san danje lè l bouyi oswa dezenfekte. Itilize diferan sous dlo si ou konnen oswa sispek dlo ta ka kontamine avèk fyoul/gaz oswa pwodui chimik toksik.

### Bouyi dlo:

Si ou pa gen dlo nan boutèy ki bon, ou dwe **bouyi dlo a** pou fè li bon pou bwè. Bouyi dlo se metòd ki pi si pou rann dlo potab pou bwè paske li tiye òganis ki lakòz maladi, tankou virus, bakteri ak parazit.

Ou ka amelyore gou fad dlo bouyi a lè ou vide l soti nan yon vesò pwòp, dezenfekte ale nan yon lòt epi kite l poze pandan kèk èdtan, OSWA lè w ajoute yon tikras sèl pou chak lit dlo bouyi.

### Si dlo a twoub:

- Filtre li nan yon twal pwò, tawèl, oswa fit kafe OSWA kite li poze.
- Sifonnen dlo pwòp la.
- Mete dlo klè a bouyi pandan yon minit (nan nivo pi pwo pase 6,500 pye, bouyi l pandan 3 minit).
- Kite dlo bouyi a refwadi.
- Stoke dlo bopuyi a nan vesò pwòp e dezenfekte  
([http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/safe\\_water/personal.html#containers](http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/safe_water/personal.html#containers)) with tight covers.

### Si dlo a klè:

- Mete dlo klè a bouyi pandan 1 minit (nan nivo pi pwo pase 6,500 pye, bouyi pandan 3 minit).
- Kite dlo bouyi a refwadi.
- Konsève dlo bouyi a nan vesò pwòp e dezenfekte ak kouvèti ki fèmen sere.

## Dezenfektan

Si ou pa gen dlo nan boutèy pwòp, ki san danje, epi si pa gen possiblité pou bouyi l, ou ka souvan fè dlo a vin potab gras a yon desenfektan, tankou kloròks ki pa santi bon, yodin, oswa gress dyoksid klorin. Sa yo ka tiye pi fò òganism danjere tankou virus ak bakteri. Sepandan, sèl gress dyoksid klorin bay rezulta nan kontwole plis òganis rezistan, tankou parazit Cryptosporidium (<http://www.cdc.gov/crypto/>). Si dlo a kontamine ak yon pwodui chimik, ajoute yon dezenfektan p ap rann li potab.

## Pou dezenfekte avèk kloròks:

Kloròks vini nan plizyè konsantrasyon diferan. Asire w ou konnen konsantrasyon kloròks w ap itilize a anvan ou dezenfekte dlo pou bwè a. Sa dwe ekri sou etikèt la.

- Netwaye e dezenfekte vesò dlo kòmsadwa (<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/cleaning-preparing-storage-containers.html>) a chak fwa, anvan ou sèvi avèk li. Sèvi avèk vesò ki apwouve pou stokaj dlo. Pa sèvi avèk vesò ki te sèvi anvan pou stoke pwodui chimik oswa lòt materyèl danjere.
- Si dlo a twoub, filtre dlo atravè yon twal pwòp, sèvyèt an papye (papye tawèl), oswa fit kafe OSINON kite l poze, apre sa retire dlo pwòp la.

Lè w ap itilize kloròks 6% klorin pou kay ki pa gen odè:

- Ajoute yon tikras pi piti pase 1/8 kiyè te (8 gout oswa apeprè 0.5 milimèt) pou chak galon dlo klè (oswa 2 gout kloròks pou chak lit dlo pwò).
  - Si ou pa gen dlo klè oswa ou pa kapab filtre dlo a pou fè l klè, ajoute yon ti kras pi piti pase 1/4 kiyè te (16 gout, oswa apeprè 1 milimèt) kloròks pou chak galon dlo twoub (oswa 4 gout kloròks pou chak lit dlo twoub). Byen melanje.
- Kite l poze padan 30 minit pou piti anvan w sèvi avèk li.
- Stoke dlo dezenfekte a nan vesò pwòp e dezenfekte (<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/cleaning-preparing-storage-containers.html>) avek kouvèti byen fèmen.

Lè w sèvi avèk kloròs likid 8.25 % klorin pou kay san odè:

- Ajoute yon tikras pi piti pase 1/8 kiyè te (6 gout oswa apeprè 0.5 milimèt) kloròks (8.25%) klorin pou kay likid san odè pou chak galon dlo klè (apeprè 2 gout kloròks pou chak lit dlo pwòp).
  - Si ou pa gen dlo klè oswa ou pa kapab filtre dlo a pou fè l klè, ajoute 1/8 gwo kiyè (12 gout, oswa apeprè 1 milimèt) kloròks pou chak galon dlo twoub (oswa 3 gout kloròks pou chak lit dlo twoub).
- Byen melanje.
- Kite l poze padan 30 minit pou piti anvan w sèvi avèk li.
- Stoke dlo dezenfekte a nan vesò pwòp e dezenfekte (<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/cleaning-preparing-storage-containers.html>) avek kouvèti byen fèmen.

### **Pou dezenfekte avèk yòd:**

- Swiv sa fabrikan an di w pou fè
- Stoke dlo dezenfekte a nan vesò pwòp e dezenfekte  
(<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/cleaning-preparing-storage-containers.html>)  
avek kouvèti byen fèmen.

### **Pou dezenfekte dlo ak gress dyoksid klorin:**

- Swiv sa fabrikan an di w pou fè.
- Stoke dlo dezenfekte a nan vesò pwòp e dezenfekte  
(<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/cleaning-preparing-storage-containers.html>)  
avek kouvèti byen fèmen.

### **Fit**

Anpil fit pòtab ka retire parazit ki lakòz maladi tankou Cryptosporidium (<http://www.cdc.gov/crypto/>) ak Giardia (<http://www.cdc.gov/healthywater/drinking/private/wells/disease/giardia.html>) nan dlo potab.

- Si w ap chwazi yon fit dlo potab, eseye chwazi youn ki gwosè yon twou filtè ki piti ase pou retire alafwa bakteri ak parazit. Pi fò fit dlo pòtab pa retire bakteri oswa viris.
- Li ak atansyon epi swiv sa fabrikan an di pou fè pou fit dlo a. Apre fit la, ajoute dezenfektan tankou yòd, klò, oswa dyoksid pou dlo filtre a pou tout viris ak bakteri ki rete. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fit dlo, ale gade paj Chwazi Fit Dlo nan Kay ak Sistèm Lòt Treman Dlo (<http://www.cdc.gov/healthywater/drinking/home-water-treatment/water-filters.html>).

### **Resous tretman dlo**

Pou konnen plis sou fit dlo ak tretman ki ka retire òganis tankou viris, bakteri ak parazit (tankou Cryptosporidium (<http://www.cdc.gov/crypto/>)), ale gade resous annapre yo:

- Pwoteje Dlo nan yon Sityasyon Ijans (<http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/making-water-safe.html>)
- Yon Gid pou Fit Dlo [http://www.cdc.gov/parasites/crypto/gen\\_info/filters.html](http://www.cdc.gov/parasites/crypto/gen_info/filters.html)
- Yon Gid pou Tretman ak Dezenfeksyon Dlo pou Bwè pou Itilize Andeyò ak pandan Vwayaj ([http://www.cdc.gov/healthywater/drinking/travel/backcountry\\_water\\_treatment.html](http://www.cdc.gov/healthywater/drinking/travel/backcountry_water_treatment.html))  
Enfòmasyon sou efikasite divès metòd tretman dlo yo

- Yon Gid pou Dlo Nan Boutèy ak Lòt Bwason sou Mache a  
([https://www.cdc.gov/parasites/crypto/gen\\_info/bottled.html](https://www.cdc.gov/parasites/crypto/gen_info/bottled.html))
- Dezenfeksyon Dlo pou Bwè nan Sitiyasyon Ijans  
(<http://www.epa.gov/safewater/faq/emerg.html>)

## Jwenn sous dlo nan sitiayson ijans

Ou ka jwenn lòt sous dlo pwòp anndan ak deyò kay la. PA BWE dlo ki gen yon odè oswa koulè dwòl, oswa ou konnen oswa sispèk ki ka kontamine ak fyoul/gaz oswa pwodui chimik toksik; itilize yon lòt sous dlo.

Men sous dlo posib:

- Dlo ki soti nan rezèvwa aparèy pou chofe dlo nan kay (ki fè pati sistèm dlo pou bwè a, e non pa sistèm pou chofe kay la)
- Kib glas ki fonn e ki fèt ak dlo ki pa kontamine
- Dlo ki soti nan rezèvwa twalèt nan kay la (non pa nan bòl la), si li klè epi li pa trete avèk pwodui chimik pou netwayaj twalèt tankou sa ki chanje koulè dlo a
- Likid ki soti nan fwi ak legim
- Dlo ki soti nan pisin ak spa ki pa kontamine avèk dlo inondasyon ak lapli ka sèvi pou ikyèn pèsonèl, netwayaj ak itilizasyon pou sa, men pa pou bwè.

Koute rapò otorite lokal yo pou jwenn konsèy sou prekosyon pou w pran ak dlo nan kay ou.

## Deyò kay la:

Dlo ki soti nan sous deyò kay la dwe jwenn tretman jan yo esplike nan Pirifye Dlo nan yon Sitiyasyon Ijans (<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/making-water-safe.html>). Yo se:

- Dlo lapli
- Kouran dlo, rivyè ak lòt dlo k ap kouri
- Ma dlo ak lak
- Sous natirèl

## Sous dlo ki pa pwoteje

Pa janm itilize dlo ki soti nan sous annapre yo:

- Radyatè
- Chodyè dlo cho (pati nan sistèm chofaj kay la)
- Kabann dlo (fonjisid ajoute ak dlo ak/oswa pwodui chimik nan vinil lan ka fè dlo a pa bon pou sèvi)

## Pi dlo pou bwè prive

Inondasyon ak lòt dezas ka kraze oswa kontamine pi. Pi yo fouye, pi fore ak lòt pi, ki pa depase 50 pye pwofondè pi fasil pou yo kontamine, menm si dega pa vizib.

- Apre yon dezas, li pi bon pou bwè dlo nan boutèy jiskaske ou si dlo a pa gen kontaminant epi pa gen danje pou bwè li.
- Si gwo inondasyon rive oswa ou sispek pi a gen dwa kontamine, PA bwè dlo a. Itilize yon sou dlo san danje tankou dlo ki nan boutèy oswa ki trete (<https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/drinking/creating-storing-emergency-water-supply.html>).
- Kontakte depatman sante onivo lokal, eta oswa tribi pou konsèy spesifik sou pi ak tès.

**ENPÒTAN:** Sa rive souvan pou fyoul/gaz ak lòt pwodui chimik devèse epi gaye pandan siklòn.

- Dlo kontamine avèk fyoul/gaz oswa pwodui chimik toksik p ap vin san danje lè I bouyi oswa dezenfekte. Jiskaske ou konnen dlo pa gen danje, sèvi avèk dlo nan boutèy oswa lòt sous dlo ki pa gen danje.
- Si ou sispek dlo a kontamine ak fyoul/gaz oswa pwodui chimik, kontakte depatman sante zòn ou pou konsèy spesifik.

Pou jwenn plis enfòmasyon: [Dezenfekte Pi Apre yon Dezas](https://www.cdc.gov/disasters/wellsdisinfect.html) (<https://www.cdc.gov/disasters/wellsdisinfect.html>)

## Resous ki gen pou wè ak sa

- Water-related Emergencies and Outbreaks (Sitiyasyon Ijans ak Epidemi ki gen pou wè ak dlo) (<http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/index.html>)  
Sit entènèt CDC a, ki la pou bezwen dlo anvan, pandan ak apre dezas oswa sitiayson ijan
- Drinking Water Wells (Pi Dlo pou Bwè)  
([http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/safe\\_water/wells/](http://www.cdc.gov/healthywater/emergency/safe_water/wells/)) Asire w dlo pi w la pwoteje
- Personal Hygiene and Handwashing After a Disaster or Emergency Ijyèn Pèsonèl ak Lavaj Men Apre yon Dezas oswa Sitiyasyon Ijans) (<https://www.cdc.gov/disasters/floods/sanitation.html>)  
Konsèy pou ede w pwotejè tèt ou kont maladi

- Food & Water Safety and Hand Hygiene Resources (Pwoteksyon Manje & Dlo ak Resous Ijyèn Men) (<https://www.cdc.gov/disasters/handhygiene.html>)  
Postè/afich, flayè, stikè ak PSA ki gen ladan yo konsèy ak enfòmasyon e ki fasil pou itilize
- Cleaning and Sanitizing With Bleach After an Emergency (Netwayaj ak Asenisman avèk Kloròks apre yon Sitiyasyon Ijans) (<https://www.cdc.gov/disasters/bleach.html>)  
Enfòmasyon sou kijan pou kenbe sifas pwòp pou anpeche jèm gaye
- Guidelines for the Management of Acute Diarrhea After a Disaster (Gid pou Jesyon Dyare Egi Apre yon Dezas) (<https://www.cdc.gov/disasters/disease/diarrheaguidelines.html>)  
Dyare egi ka rive nan sitiayson apre dezas kote aksè pou jwenn elektrisite, dlo pwòp, ak enstalasyon sanitè limite

Page last reviewed: September 11,2017

Page last updated: September 12,2017

Content source: National Center for Environmental Health (NCEH) (<http://www.cdc.gov/nceh/>)/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR) (<http://www.atsdr.cdc.gov/>), National Center for Injury Prevention and Control (NCIPC) (<http://www.cdc.gov/injury/>)